

create



THE JORGE M. PÉREZ FAMILY FOUNDATION

Apèsi

Fondasyon Fanmiy Jorge M. Pérez la gen pou objektif pou devlope pati Sid Florida kòm yon zòn iben de klas mondyal. Pou pèmèt zòn Greater Miami an vinn yon zòn ki gen lavi, ki konekte ak kilti yo li esansyel pou genyen yon kominote ki ap pwospere, kominote atizay ekitab. Nan lane 2021-2022, Pwogram CreARTE Fondasyon an pral investi plis pase \$ 1.5 milyon nan òganizasyon ki nan Miami-Dade k ap travay pou kiltive ekosistèm sa a nan agrandi aksè rezidan yo nan atizay pou fè vil nou an yon sant mondyal pou ekselans atistik.

Fondasyon an kwè ke edikasyon atistik efikas ka enspire devlopman kreyatif lakay jèn lokal yo, kreye bon jan enterè ak apresyasyon pou pwodui atistik yo, epi bati odyans pou fiti. Fondasyon an ap chèche sipòte gwo talan atistik, epitou atire atis nan Miami, nan menm lide sa kreye pwogram bous detid ak rezidans.

Atravè investisman nou yo, nou vle bay kapital ak sipò a òganizasyon egzanplè ki pa pè pran risk atistik, elaji divèsite nan eksperyans kreyatif ak odyans, epi prezante travay ki enspire ekselans ak enpòtans.

Domèn Prensipal

Atravè **Pwogram Sibvansyon Pérez CreARTE**, Fondasyon an pral bay sibvansyon nan twa domèn prensipal sa yo:

1. **Aksè Atistik:** Finansman pou sipòte angajman piblik ki fè sans e ki divès, epi aksè a tout kalite fòm pwodui atistik de kalite siperyè atravè zòn Miami an. Epi tou entegre zev atistik nan lavi kominotè a.
2. **Edikasyon Atistik:** Finansman pou sipòte òganizasyon inovatif ki gen anpil pèfòmans nan zòn Miami an ki ap travay pou asire ke tout jèn yo gen aksè ekitab ak opòtinite nan edikasyon atistik. Nou vize investi nan pwogram edikasyon atistik ki pi efikas, ki ap evolye miltidisyiplinè, nan lekòl ak andeyò lekòl, osi byen ke pwogram fòmasyon pre-pwofesyonèl ki prepare atis pou lavni nan divès domèn.
3. **Bous detid ak Pwogram rezidanz pou atis:** Finansman pou sipòte kreyasyon oswa ekspansyon pwogram rezidans ak bous detid pou atis, nan bi pou bay plis opsyon a pwofesyonèl atistik lokal yo, amelyore talan yo epi montre travay yo. Pwogram yo ta dwe rekonèt ak kiltive atis, lokal ak nasyonal, nan faz esansyèl nan karyè yo, selebre siksè eksepsyonèl ak sipòte devlopman atistik yo.

Nan menm lide sa, anplis demann sipò pou kreyasyon pwogram, nap konsidere epi revize tou lòt demand finansman ki ka pèmèt òganizasyon nan zòn Miami yo elaji espas operasyon ki deja egziste yo, oswa sipòte devlopman nouvo espas. Nou vle asire ke atis ak òganizasyon atistik gen aksè a espas kreyatif abòdab ki sèvi kòm sant kreyativite.

Priyorite

Fondasyon an ap priorize pwopozisyon ki demontre bagay sa yo:

- Nouvo aprouch solid ki ka reponn bezwen environman kreyatif byen rapid.
- Yon devouman pou pwomote pwodui atistik nan bi pou sipòte divès atis epi ofri edikasyon atistik ak lòt pwogram atistik nan kominote ki tradisyonèlman manke pwodui atistik.
- Vizyon ak plan ki reyalis
- Demontre kapasite pou kreye rezo solid ak patenarya ak lot moun nan kominote a.
- Kapasite òganizasyonèl pou aplike pwogram oswa inisyativ ou pwopoze a.
- Prè solid sou rezo ak patenarya ak lòt moun nan domen nan.
- Yon apwòch solid pou mezire pwogrè.
- Bon jan lidèchip òganizasyonèl nan tout nivo.

Pwopozisyon

Kalifikasyon

Kandida ki kalifye yo enkli òganizasyon charitab piblik 501 (c) (3) yo ak antite gouvènmantal ki ap sèvi Miami-Dade County, ki montre yon dosye solid ki offri bon kalite projè ki reflekte objektif pwogram nan. Oganizasyon ki gen yon relasyon ki egziste deja ak yon 501 (c) (3) sponsò fiskal elijib pou aplike tou.

Aantite ak dire sibvansyon:

Kantite sibvansyon yo ap varye, tou depann de aktivite ou pwopoze yo ak kapasite òganizasyon an. Tout sibvansyon yo pral distribiye nan yon fom de sibvansyon sou on peryod de 2 lane, pou yon kantite antre **\$50,000 a \$250,000**.

Pwosesis aplikasyon + delè

Aplikasyon yo dwe soumèt yon pwopozisyon sou entènèt atravè Submittable – <https://themiamifoundation.submittable.com>. Chak òganizasyon ka soumèt **yon sèl pwopozisyon**.

- Dat RFP: 26 Avril, 2021
- Dat Pre-pwopozisyon dwe remèt: 28 Me, 2021 (Ou gen 5 semèn pouw konplete pre-pwopozisyon)
- Dat pou Finalis yo pral konnen pou yo ranpli pwopozisyon konplè: Semèn 28 jen an (4 semèn pou revize pre-pwopozisyon)
- Dat Pwopozisyon konplè dwe remèt: 16 jiyè (3 semèn pouw ranpli pwopozisyon konplè)
- Notifikasyon sou prim sibvansyon yo : Otòn 2021

Sesyon enfòmasyon + lè biwo nou louvri

Nou envite Aplikasyon yo rantrè an kontak avek nou pou yo aprann plis sou pwogram nan epi pou yo jwenn repons sou kesyon yo genyen. klike sou lyen ki anba yo pouw enskri oswa enskri sou sit entènèt Fondasyon Miami an.

Mèkredi 5 me, 12:00 pm - enskri [isit la](#) pouw patisipe nan yon sesyon enfòmasyon vityèl
Klike [la a](#) pouw enskri pou yon ti sesyon ofis 20-minit.

Kesyon

Siw gen kesyon kontakte Lindsey Linzer, Direktè Jeneral Envestisman Kominotè nan imel sa LLinzer@miamifoundation.org ak Belissa Alvarez, Direktè Fondasyon Fanmiy Jorge M. Pérez nan imel sa Belissa.Alvarez@relatedgroup.com.

Kiyès nou ye

Fondasyon Fanmiy Jorge M. Pérez gen pou objektif devlope Sid Florid kòm yon sant iben egzanplè nan lemonn. Fon fondasyon yo pral ankouraje kominote dirab, enklizif ak jis nan sipòte pwogram ak òganizasyon ki konsantre sou atizay ak kilti, sante ak byennèt, edikasyon, anviwònman ak devlopman ekonomik - ak yon preferans patikilye pou pwogram ak òganizasyon ki ta ka sèvi kòm modèl pou lòt vil yo.

Fondasyon Miami an bati fondasyon filantwopik, sivik ak lidèchip pou nan Miami. Depi 1967, Fondasyon an envesti \$ 485 milyon dola pou ranfòse kominote nou an avèk patenarya ak kontribisyon ki soti nan plis pase 1000 fon ak 35,000 donatè. **Fondasyon Miami**, ki aktyèlman jere plis pase \$ 350 milyon nan byen, mobilize donatè, ONG, lidè, ak moun nan lokalite yo mete yon vizyon fonsè pou avni kominote nou an, epi envesti nan yon Miami ki pi fò, pi ekkitab, pi fleksi.

1. Kisa CreARTE vle di?

CreARTE "se yon melanj fraz Panyòl "crear arte" ki vle di:" yo kreye atizay. " Pwogram nan ap chache fè Miami vin yon kominote atistik klass mondyal pandan yo ap sipòte atis ki gen talan, kreye espas lokal pou devlopman atizay, ak kreyasyon opòtinite pou tout rezidan jwenn aksè nan atizay.

2. Koman CreARTE 2.0 diferan de CreArte 1.0?

CreARTE 1.0 te lanse nan ane 2019 e li te premye pwogram finansman fanmiy lan te fè nan kominote a. Nou te pase dènye ane edmi an ap aprann de eksperyans nou yo epi angaje nan efò evalyasyon fòmèl pou amelyore konsepsyon pwogram lan. Nan CreARTE 2.0 pa ge yon kategori espesifik ankò pou sibvansyon ki gen rapò ak Espas pou Kreyasyon. Olye de sa, pati sa a entegre atravè lòt domèn prensipal yo - Aksè Atistik, Edikasyon Atistik ak Bous detid ak Pwogram rezidanz pou atis:. Nou wè aksè nan espas kreyasyon ak lajan ki nesèsè pou yo amelyore / elaji espas kòm youn nan anpil chimen posib pou avanse domèn ki nan enterese fanmiy lan. Anplis de sa, tout sibvansyon yo pral bay kòm yon pati nan CreARTE 2.0 yo pral bay kòm sibvansyon pou 2 zan.

3. Ki sa nou vle di nan seksyon Apèsi a lè nou di "elaji divèsite nan eksperyans kreyatif ak odyans"?

Sa a gen de siyifikasyon. Atizay pran anpil fòm e nou enterese nan sipòte divès kalite. Epitou, nou rekonèt ke se pa tout pòch nan kominote nou an ki gen aksè ekkitab nan atizay e nou vize pou avanse sou ekite atizay pandan nou ap sipòte atis divès epi bay edukasyon sou atizay ak lòt pwogram atizay nan kominote yo ki tradisyonèlman manke infliyans atizay.

4. Èske moun ka aplike?

Non, sibvansyon yo limite a òganizasyon 501 (c)(3) ak lòt ekivalan ki genyen yon sipòte fiskal. Pwogram sibvansyon sa PA fèt pou atis endividyèl yo.

5. Konbyen lajan finansman mwen ka mande?

Aplikasyon yo ka mande sibvansyon total ki kapab rive jiska \$ 250,000.00.

6. Eske finansman an pou 1 an oswa plizyè ane?

Tout sibvansyon yo ap pou 2 an

7. Ki moun ki ap revize aplikasyon yo epi chwazi benefisyè yo?

Aplikasyon sibvansyon yo pral revize pa anplwaye Fondasyon Miami an, manm fanmiy Pérez la, anplwaye Related Group, epi kek ekspè deyò ke nou chwazi. Moun ki reprezante òganizasyon ki otreman ta kalifye pou resevwa finansman pa pral kalifye pou patisipe kòm youn revizè.

8. Èske sibvansyon an ap soti nan Fondasyon Miami oswa Fondasyon Fanmiy Jorge M. Pérez?

Fondasyon Fanmiy Jorge M. Pérez se yon donatè konseye nan Fondasyon Miami an. Fanmiy Pérez pral bay rekòmandasyon finansman bay Fondasyon Miami an. Fondasyon Miami pral bay sibvansyon yo apre sa.

9. Èske mwen ka mande sipò jeneral pou opere?

Wi, depi li fè sans pou mande lajan pou sipòte operasyon jeneral nan òganizasyon ou ki pral pèmèt kwasans pwogramatik epi rive jwenn plis moun.

10. Èske mwen ka mande finansman pou sipòte pwojè kapital yo?

Wi. CreARTE pral finanse pwojè kapital ki swa sipòte ekspansyon nan espas ki deja egziste oswa devlopman nan nouvo espas. Pandan w ap travay nan aplikasyon an ou pral bezwen klarifye ki kalite finansman w ap mande - pwogramatik, operasyon, oswa kapital.

11. Èske òganizasyon mwen an ka remèt plizyè aplikasyon?

Non. Nou pral sèlman konsidere yon aplikasyon pou chak òganizasyon. Inivèsite yo kapab remèt jiska twa aplikasyon, men yo chak dwe soti nan departman diferan.

12. Si mwen te resevwa finansman nan men Fondasyon Fanmiy Jorge M. Pérez nan tan lontan, èske mwen kalifye pou aplike?

Wi, an konsideran ke sibvansyon ou te genyen yo an bon tèm

- 13. Si mwen te resevwa yon sibvansyon CreARTE 1.0 nan men Fondasyon Fanmiy Jorge M. Pérez,eske mwen kalifye pou aplike?**
Wi, men atant la pral ke ou ap aplike pou yon nouvo pwòje oswa pou sipòte yon ekstansyon enpòtan nan pwogram ou te genyen finansman pou li a.
- 14. Èske mwen ka aplike pou finansman pou rechèch oswa yon etid?**
Wi, depi li fè sans nan pwogram ou pwopoze an.
- 15. Èske mwen ka aplike pou finansman pou evènman mwen?**
Non, pwogram sila pa fèt pou finanse evènman oswa konferans.
- 16. Ki kote mwen ka aprann plis sou priyorite charitab Fondasyon Fanmiy Jorge M. Pérez la?**
Ou ka aprann plis isit la - <https://miamifoundation.org/jmperezfamilyfoundation>
- 17. Oganizasyon mwen an nouvo. Oganizasyon mwen an pa gen anplwaye a plen tan. Èske mwen ka toujou aplike?**
Wi, nenpòt ki òganizasyon 501 (c) (3) ki ap sèvi Miami-Dade County a kapab aplike, men yo pral bay preferans a òganizasyon ki pwouve tèt yo deja epi ki gen anpil kapasite.
- 18. Oganizasyon mwen an sèlman gen yon bidjè fonksyònman \$ X. Èske mwen ka toujou aplike?**
Ou pa ka aplike pou yon sibvansyon ki plis pase 25% nan bidjè fonksyònman ou pou ane sa. Nenpòt òganizasyon 501(c)(3) ki ap sèvi Miami-Dade County kapab aplike men yo pral bay preferans a òganizasyon ki pwouve tèt yo deja epi ki gen anpil kapasite.
- 19. Oganizasyon mwen an se pa yon enstitisyon atizay. Èske nou ka toujou aplike?**
Nenpòt kalite òganizasyon k ap travay pou fe domèn prensipal ki nan Gid Pwogram nan avanse yo ka aplike.



KESYON APLIKASYON YO

Aplikan yo dwe remèt yon pwopozisyon sou entènèt la nan Submittable - <https://themiamicompany.com>. Itilize dokiman sila pou ede ou prepare aplikasyon ou an.

A Pwopo de òganizasyon ou

1. Non òganizasyon an (*non kominote a konnen an*)
2. Non legal òganizasyon a
3. Adrès
4. Non kontak prensipal la
5. Tit kontak prensipal la
6. Imèl kontak prensipal la
7. Non moun ki ap siyen an
8. Tit moun ki ap siyen an
9. Imèl moun ki ap siyen an
10. Paj entènèt
11. Misyon – Fè yon ti pale de misyon òganizasyon an. (75 mo).
12. Bidjè - bidjè pou opere nan ane 2021 an
13. Kalite òganizasyon: (*chwazi yonn*)
 - IRS 501(c)(3) Charite Piblik– bay EIN ou
 - Gouvènman
 - Inivèsite
 - Lòt kalite (*si ou ap aplike ak Lòt kalite ou sipoze genyen yon relasyon ki etabli ak yon sponso fiskal ki yon IRS 501(c)(3)*)

Kesyon Pre-pwopozisyon

14. **Demann finansman** – Ki kantite finansman ou ap mande? Demann maksimòm lan se \$ 250,000.00.
15. **Domèn Prensipal:** Anba kiyès nan domèn prensipal yo ou ap aplike? (*Chwazi yonn*)
 - Aksè Atistik
 - Edikasyon Atistik
 - Bous detid ak Pwogram rezidanz pou atis
16. **Objektif:** Dekri nan yon fraz koman ou pwopoze itilize lajan an (50 mo)
17. **Objektif espesifik:** Kisa finansman w ap mande a ap pèmèt ou fè? (*Chwazi tout sa ki aplike*)
 - Lanse nouvo sèvis / pwogram
 - Elaji sèvis / pwogram ki deja egziste
 - Bati nan espas ki egziste deja
 - Planifye pou nouvo espas
 - Bati nan nouvo espas
 - Ogmante kapasite òganizasyonèl pou sipòte misyon an
18. **Aktivite:** Rezime pi gro objektif ak aktivite ki pral antreprann yo epi ki jan ou pral itilize lajan ou mande a. (150 mo)
19. **Odyans / Katye** - Ki moun ki nan odyans ou a (ki moun ak katye)? Sou konbyen moun ou espere rive epi konbyen moun ki pral benefisyè de yo? Ki dosye ou genyen ki ta kapab demontre kapasite w pou rive jwenn yo? (150 mo)

20. **Evalye**: koman finansman an ka pèmèt ou evalye travay ou ak enpak nan pwogram ou pwopoze a? (150 mo)
21. **Disiplin Atistik** - Pou pwopozisyon sa a, chwazi kategori ki pi byen dekri disiplin atistik ou a. Chwazi youn nan sa yo. Opsyon yo enkli: Dans, fim, literati, mizik, opera, miltidisciplinè, vizyèl, teyat.

Edikasyon Atistik selman

22. **Odyans espesifik** – Primye Odyans yo ki pral afekte si yo bay sibvansyon sa a. Opsyon yo enkli: *Early Learners, Elementary School, Middle School, High School, inivèsite, Pre-Professional*
23. **Tan** – Peryod/Tan kote pwogram nan pral delivre. Opsyon yo enkli : Pandan nan lekòl, Apre lekòl, Wikenn, Konje, pandan ete
24. **Kote** – Ki kote pwogram nan pral fèt. Opsyon yo enkli : Sant Kominotè, sou entènèt, sou plas nan Oganizasyon an, patenarya pou pwofi, patenarya san bi likratif, lekòl, inivèsite, lòt

Kesyon Pwopozisyon konplè

25. **Rezilta** - Ki rezilta espesifik oswa lòt referans ou espere reyalize pandan peryòd sibvansyon an? Tanpri itilize langaj klè. (150 mo)
26. **Mezi** - Ki jan ou pral swiv epi mezire pwogrè pou tout efò ou yo epi ki jan ou pral konnen si travay la reyisi? (150 mo)
27. **Ekspètiz** - Ki ekspètiz ki inik a òganizasyon ou an ki mete ou nan pozisyon pou fè travay sa a pou ou kapab jwenn pi gwo enpak? (150 mo)
28. **Patnenarya** - Ki patnenarya kle ou genyen epi ki jan patenarya sa yo maksimize enpak ou? (150 mo)
29. **Finansman** - Ki lòt finansman ou genyen oswa ki annatant pou sipòte pwojè / travay sa a? Tanpri montre lis 5 sous finansman ki ap genyen kantite lajan ak tèm finansman an.
30. **Ekite** -Montre lis nenpòt efò entèn oswa ekstèn òganizasyon ou ap antreprann kounye a pou enkòpore divèsite, ekite, ak / oswa enklizyon (DEI) nan règ ak pratik nou. Kouman pwopozisyon sa a ak / oswa travay sa ke òganizasyon an ap dirije a pral pèmèt ekite avanse nan kominote nou an? (150 mo)
31. **Demografik** - Ki jan demografik nan kominote a / kliyan ou sèvi nan òganizasyon an reflekte nan konpozisyon anplwaye ou, manb yo, ak / oswa volontè? Èske gen fason ke òganizasyon ou fè efò enkòpore pèspektiv kominote a / kliyan òganizasyon ou sèvi a?
32. **Rekonesans** - Dekri kijan Fondasyon Fanmiy Pérez pral gen rekonesans paske yo sipòte pwopozisyon sa a. (150 mo)
33. **Enpak KOVID-19** - Eksplike kijan pandemi KOVID-19 la afekte òganizasyon ou ak kijan ou fè travay ou. Tanpri konsantre repons ou sou chanjman alontèm ou espere nan òganizasyon ou an. (150 mo)
34. **Lòt enfòmasyon**- Èske gen nenpòt lòt bagay ou ta renmen pataje ak Fondasyon an pou sipòte demann ou an? (150 mo)

Dokiman siplemantè obligatwa – pwopozisyon konplè sèlman

- Pwopozisyon Bidjè , sèvi avèk fòm yo jwenn [isit la](#)
- Bidjè aktyèl operasyon anyèl ki pi resan pou oganizasyon an.
- Lis Konsèy Direktè yo
- Fakiltatif: Nenpòt lòt materyèl ki pral ede nou konprann òganizasyon ou ak / oswa demann ou an pi byen. tankou– imaj, videyo, plan konsepsyon, plan pwogram.